

# POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

—:—: JAVA-INSTITUUT —:—:

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,  
J. KATS, M. SOERIADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — GOENOENG SARI 84. — WELTEVREDEN

## Eusina nommer 6

1 Wajang . . . . .	katja	81
2 Babad Padjadjaran . . . . .	"	83
3 Kagegelan ti M. Ardiwinata M. G. Madjalaja . . . . .	"	86
4 Paririmbón . . . . .	"	89
5 Sair Soenda . . . . .	"	91
6 Goegoeritan Tjitamiang Soemendang . . . . .	"	92
7 Wawatjan Siliwangi . . . . .	"	92
8 Artos langganan . . . . .	"	95

## WAJANG

Beunang njoetat tina boekoe  
karangan toean J. Kats

### II.

*Asal-asalna djeung wandana lalakon  
wajang.*

Baheula di tanah Hindoe geus djadi adat, lamoen aja radja anoe rèk njoegoeh, sasadjèn gedè ngorbankeun koeda (paardenoffer), ti pisataoeneun deui kana prakna, oenggal poè teu aja kendatna koedoc

baè moengpoèng anoe poepoedjian kakawihan, ngalap berekah para Dèwata djeung para loeloehoerna anoe katjeloek lalepoes.

Poepoedjian djeung kakawihan kitoe tèh, lian ti dina sasadiaan pikeun *sasadjèn gedè tèa*, nja dina gawè sèdjèn ogè radjeun digedèkeun. Saperti oepama aja anoe kapapatènan, koelawarga djeung sanak kadang anoe ninggal tèa, sok rioeng moengpoeloeng di handapeun kakajon anoe ioeh, ngaradon poepoedjian kakawihan dibaroeng koe biantara tjarita lalakon anoe baheula, maksoedna silih beberah silih ledjar sangkan palèr ka noe tilar. Bintara tjarita koena tèa disareboetna: *itihasa; àkhijana; poerana*. Tapi ari dina tarèkah *toelak bala* mah lain kitoe petana, ieu mah koedoe mangkoe hawoe ka loear, der mariroeha ngadadak mariroen seuneu, ngalingkoeng ngepoeng noe ngeloen sapirioempina, bari teu rèpèh ngarawih, poepoedjianana itihasa djeung poerana tèa, silih tèmpan silih tèma, tarabah djeung lantjar pisan.

Koc lantaran kabiasaan anoe kitoe, èta djadi panarik kana rekah tambah nerekabna djeung kana hiroepna tjarita djeung dongèng-dongèng, nepi ka dina alam Boedha — 500 taoen samèmèh K. Nabi Isa — rèana tjarita noe biasa djadi katjapangan harita, tanpa wilanganana, aja anoe

didangding aja sair aja anoe lantjaran baè.

Poepoedjian djeung kakawihan anoe gelar djadi lalakon titinggal Hindoe mangsa harita, aja doea anoe natrat teu aja pegatna anoe eusina djeung iketanana tjarita, ètjès nèmbès babaran djaman baheula. Anoe ka hidji tjarita *Mahâbhârata*, nja èta lalakon perangna toeroenan *Bharata*; ari anoe kadoea tjarita *Râmâyana*, nja èta lalakon *Batara Rama*.

Tjarita anoe ka hidji tèa dibagi bagi djadi sababaraha bagian sareng pandjang lain dikieuna, eusina lalakon dèwa-dèwa djeung lalakon poetra-petra Pândoe anoe biasa diseboet Pandawa-lilima, lalakon perangna djeung sadèrèk misanna anoe diseboet Korawa tèa babakoena mah.

Kieu ringkesna èta tjarita *Mahâbhârata* tèh.

Anoe djadi radja di Astinapoera — *dajeuh gadjah* hartina — djenenganana Santanoe, toeroenan Koeroe. Ratoe Santanoe tèh geus kogoengan garwa malah geus kagoengan poetra pamegat djenenganana Bisma. Tapi dina hidji mangsa andjeunna ningali (tepang) djeung hidji poetri geulis taja babandinganana djenenganana *Poetri Satjawati* anoe biasa disareboet *Doergandini* atawa *Nji Lara Amis* — (Amis basa Djawa, Soendana *hanjir*, anoe matak dilandi *Nji Lara Amis* sabab èta poetri salirana baee *hanjir*). Radja Santanoe kapintjoet, toeloej *Satjawati* ditanjaan. *Poetri Doergandini* kersaeun, ngan aja tandjakanana, nja èta sing iasa noeroenkeun poetra anoe pinoeloejkeuneun djadi ratoe.

*Bisma*, poetra Santanoe anoe tjikal tèa, katjida moeljana manahna, nadjan andjeunna oeninga jèn andjeunna anoe koedoe nampi waris djadi Pangèran-Anom, tapi ngèlèhan manèh sarta djangdji moal kagoengan garwa, sabab bisi kagoengan poetra anoe hojong nampa poesaka karadjaan milik andjeunna.

*Poetri Satjawati* tèa ogè geus kagoengan poetra pameget ti *Palasara*, djenenganana *Abiasa*. Ajeuna ti Ratoe Santanoe poetraan deui pameget doea, nja èta *Tjitranggada* sareng *Tjitrasèna*, anoe koengsi djaradi radja ngagentos ramana.

Tapi doeanana gaboeg, pada teu kagoengan poetra.

Noemoetkeun adat ageman di dinja, *Satjawati* anoe katinggal poepoes koe tjarogè tèh koedoe diwariskeun djadi milik sadèrèk tjarogèna anoe poepoes tèa. Nja *Satjawati* ragrag ka *Wijasa*, sadèrèk Santanoe, anoe keur tapa djadi pandita.

Ti *Wijasa*, poetri *Satjawati* kagoengan poetra pameget doea, anoe hidji djenenganana *Dasarata* (Dhretarasjtra) anoe hidji deui *Pandoe*. Koe margi *Dasarata* lolong, nja *Pandoe* anoe diangkat djadi radja.

*Pandoe* kagoengan poetra ti *Dèwi Koenti* tiloe, sadajana pameget hidji *Joedistira* atawa *Poentadèwa* (di dieu biasa diseboet *Semihadji*), doea *Bima* at. *Wrekodara* at. *Bratasèna*, anoe ka tiloe *Ardjoena* at. *Djanaka* at. *Pamèdi* at. *Parta*. Ti poetri *Madri* kagoengan poetra doea nja èta *Nakoela* sareng *Sadèwa*.

Samèmèh kagoengan poetra ti *Pandoe*, *Dèwi Koenti* tèh geus kagoengan poetra pameget ti *Batara Soerja* djenenganana *Karna*.

Ari *Dasarata* garwaanana ka *Dewi Gandhari* kagoengan poetra saratoes, pameget sadajana, anoe mashaer diseboet *Korawa tèa*, nja èta *Doerjadana* (*Socjoedana*) *Doersasana*, *Doermagati*, *Tjitraksa*, *Tjitraksi* dj. s. t.

*Sapoepoesna Pandoe*, anoe ngagentos djadi radja tèh, nja *Dasarata* anoe lolong tèa.

*Poetra-petra Pandoe* anoe lima djeung para poetrana koe *Dasarata* sina sakoemboeh diwoeroek sareng diatik koe hidji pandita.

Tapi èta maroerangkali, *Pandawa* lilima sareng *Korawa tèa*, teu aja pisan raphihna salawasna gètrèng baè, tepi ka pe-tjohna ger parasèa toengtoengna mah.

*Korawa* pada ihtiar narèangan akal koe kadjoeligan koe kadangkian pikeun ngabasmu toeroenan *Pandawa*, tapi welèh henteu mental akalna koe djalàn èta mah.

Toengtoengna koe djoelig dengkingna *Sangkoeni*, doeloerna *Gandari*, *Pandawa* kabeunungan, lantaran disina *ngadoe* (maèn toempangan). Anoe ngadoena *Doerjadana* djeung *Joedistira* (*Semihadji* tèa), dibarobotohan koe sarèrèa.

Koe sabab èlèh pelit èlèh litjik, Panda-wa lilima nja èlèh, tepi ka moelentoe ngagilintjing pisan, geus soemawonna banda, radjakaja tatah-wadoeng poesakana tèa, dalah kamerdikaan silirana ogè, sèèp sadaja dianggo toempang. Nja sasadèrèk-sadèrèk koedoe ingkah ti nagara. Doea welas taoen lilana poeta Pandawa pating alasroek lantaran di boeboerak koe mi-sanna.

Katiloe-welas taoenna Poetra Pandawa njalalamoer, masrahkeun salira koemawoe-la ka Radja Wirata, anoe ngerèh karadjaan Matsija.

Satoetoezna ngalakonan hoekoeman, anoe dianggo toempang ngaben tèa, Poetra Pandawa nagih waris, mènta poesaka nagara sabeulah ka Doerjadana. Lantaran henteu dikaboel panoehoenna, welèh teu beunang dibèbèrès, nja toengtoengna der perang. Dalapan welas poè lilana Pandawa njekel saboek milang tatoe lali rabi tegang pati ngajonan oerang Korawa, nepi ka moesoeh anoe miloe perang poepoeh tjarem sadajana, Korawa kadèsèh; oerang Pandawa oenggoel perangna toeloej Goedhisjthira (Semihadji) didjoengdjoeng loenggoeh njepeng kakawasaan nagara.

Doepi èta lalakon Mahabarata tèh sa-koemaha anoe parantos ditjarioskeun tadi, èstoe tjarios pandjang pisan, djadi *dalu-pan welas* boekoe anoe karandel, anoe dingaranan *Parwa*, sadajana dieusi 100.000 (saratoes rèboe) padalisan.

Èta tjarita anoe sakitoe pandjangna tèh, ditambah koe sosompang djeung sempalanana, toeroen-toemoeroen natrat teu aja kendatna, tibaheula tepi ka ajeuna pisan.

Dina boeboekana èta boekoe-boekoe tèa, aja saer noe ngatoerna kieu oengelna:

„Soegri anoe miroetjaan ngadangoe ieu lalakon, tanwandè itjal tingalna tina tjarita noe lian, katoengkoel koe pangiroetna iketan bagbagan tjarita Mahabarata noe nembè njèrep soeroep kana pangroengoe, lir djalma noe kagendam koe ngelakna soara (titiran), ana kasorang kaselang koe sora sakadang gagak, njiliwoeri ngiring ngadjombali, rasa resag sareukseuk asa raroengseb”.

Tah sakitoe dilohoengkeunana dipoen-djoelkeunana tjarita Mahabarata tèh koe

oerang Hindoe ti djaman boehoèn kènèh. Demi anoe djadi panambah sesembèn tjarita Hariwangsa diseboetna, saperti lalakon-lalakon Kresna, ieu ogè lain loemajan. (Kokila tèh manoeek, moen di oerang mah titiran anoe disadana katjida dipikaresepna, lantaran sorana soeroep kana lelemboetan, bèdjana aja teroesanana kana èlmoe roetjatan raga).

Demi parèlèanana eusina èta anoe *dalu-pan welas parwa* tèh njaritakeun lalakon-lalakon anoe ditataan ieu di handap.

1. Babad koena. Lalakon Pandawa sareng Korawa eukeurna pada nonoman . . . . *Adiparwa*.
2. Lalakon Pandawa kataradjang bahla nandang sangsara . . . . *Sabhâparwa*.
3. Lalakon poeta Pandawa di pangboengan . . . . *Wânaparwa* sareng *Wirâtaparwa*.
4. Lalakon anoe ngalantarankeun djadi perang gedè . . . . *Oedijogaparwa*.
5. Lalakon perang Baratajoeda . . . . *Bhîsmaparwa; Dronaparwa; Karnaparwa; Sjaljaparwa; Sauprikaparwa; Strîparwa; Sjântiparwa; Anoesjâsanaparwa*.
6. Panoetoep . . . . *Asjwamedikaparwa; Asjramawâsikaparwa; Mausalarparwa; Prastkanikaparwa; Swargarohanakaparwa*.

Aja samboenganana.

## Babad Padjadjaran

Tjoektjroekanana anoe nganjatakeun kaajaan sareng perenah-perenahna karadjaan di tanah Pasoendan djaman baheula, tepi ka ajeuna teu atjan aja anoe tiasa mastikeun pisan. (Tingali P. S. No. 5).

Soepados djadi timbangan ka sadaja anoe maraos Poesaka Soenda, kaèmoet djadi pisaèeun oepami babad anoe parantos kapendak, dipedar dina P. S. koemaha toeteranana noemoetkeun panaloengtikna

boedjangga anoe ngagelarkeun tjarita.

Dina boekoe-boekoe koena nja aja tjari-tjarita babad anoe koe oerang beunang dipoeloengan, sapertos dina boekoe *Bud-dingh Indisch Archief* djilid ka II (Tijdschrift De Indien, uitgegeven door Dr. S. A. Buddingh, ditjita dina taoen 1850) aja katrangan karadjaan *Padjadjaran*, kieu ringkesna.

Saparantos *Lemboe Ami Loehoer* radja Djanggala (Kediri) poepoes, digentos koe poetrana, noe djenenganana kawentar Pandji Ino Kerta Pati. Saseroedna Pandji Ino Kerta Pati; anoe ngasta karadjaan nja eta poetoe Lemboe Ami Loehoer, djenenganana Koeda Lalèan.

Koe margi Koeda Lalèan boerej kènèh nja ngaheujeuk nagara mah diwakilan koe anoe djadi mangkoe boemina, djenenganana Baka. Tapi Baka ngidjing sila bèngkok sembah, henteu lempeng ka Koeda Lalèan, boga niat nandasa ngareboet kakawasaan mèlaan sadèrèk Koeda Lalèan. Kawasna pang djadi petjoh kitoe teh lantaran poetra Pandji Karta Pati henteu djadi radja, kaselang tèa koe Koeda Lalèan. Baka hasil maksoedna, ger di Djanggala aja *karaman* anoe maksoedna noendoeng ratoe, Koeda Lalèan diloengsoer tina ka-loenggoehan, ngadeg radja anjar.

Tjeuk sakaol Koeda Lalèan rada lami ngastana karadjaan, da dina taoen A. J. 1084 atawa taoen A. D. 1173, koengsi nekanan pamindang sarajana loeloerah para boepati nempoeh karaman bangsa Tjina, sarta oenggoel perangna, nja ti harita oerang Tjina patamboearna ka sakoeliah tanah Djawa. Tapi ieu mah katrangan tèh rèa soelajana sareng tjarita-tjarita Djawa anoe lian.

Ari dina tjarita Djawa mah leres sae-ningel anoe ti pajoen, jèn Koeda Lalèan tèh dilindih koe sadèrèk lantaran kadjoeligan tarèkah Baka tèa.

Koeda Lalèan lolos ti nagara ngantoen kamoekten, kadengkian Baka sareng sadèrèkna teu diladènan, andjeunna mah ngèlèhan andjeun baè.

Dina sadjero keur petjoh kitoe, beledoeg goenoeng Keloet bitoe, lahar ngaroeksak sakoeliah karadjaan, mèh tjarem kakelem koe pamoekeun goenoeng Keloet.

Oerang Djanggala maboer patawoeran, malah sadèrèk Koeda Lalèan, anoe djenenganana Tjitra Aroeng Baja, sareng Tjamara Gading mah sapangiringna kalaboer ka Selebes. Di ditoena ngadegkeun karadjaan, katelah Sawira Gading nja eta radja Boegis anoe mimiti.

Ari Koeda Lalèan koengsi memeres deui Djanggala, sarta kapi rama andjeunna anoe djenengan Bradja Nata, didjenengkeun radja di Djanggala. Ari andjeunna sareng iboena katoet pangiring-pangiringna angkat ka tebèh koelon nja ngadegkeun karadjaan *Mendang Kamoelan* anoe ajeunana djadi dajèuh Blora. Tapi koeda Lalèan kapaksa kedah djengkar deui ti dinja, lantaran karaman tilas mangkoeboemina anoe djenengan Baka tèa, ngahihileudan baè, toengtoengna Mendang kamoelan dikepoeng koe Baka, sarta Koeda Lalèan kadèsèh ladjeng boedal ti nagara, mindang saraja ka Radja Praoe Tjatoer di Gilingwesi, nja eta di Pasoendan.

Baka diroeroeg deui dihoeroep nepi ka èlèhna.

Koeda Lalèan teu kersa moelih ka Djanggala, nja ladjeng ngababakan di tanah Soenda tempatna di *Tjidamar* bawahan Tjiandjoer, nja di dinja tempatna *Gilingwesi* tèh.

Saparantos Koeda Lalèan aja di Pasoendan, andjeunna mendak hidji patempatan anoe narik kana galih, soeroep djeung noe lemboet. tempat hègar didjadjaran tangkal pakoe, nja ladjeng didamel babakan anoe nelah tepi ka ajeuna diseboet: „Pakoean Padjadjaran”.

Babakan anjar katjida matak pikabetaheunana, moengpoeng anoe ngadon matoeh, boeboeara soeka betah, ti noe djaoeh miloe aoeb, ti noe anggung dararatang, lila-lila nja ngadeg nagara, ngawengkeun karadjaan Bodjong Galoeh. Noemoetkeun katrangan babad, karadjaan Bodjong Galoeh tèh kira-kira taoen A. J. 1084 geus ngadeg.

Anoe ngagentos Koeda Lalèan, poetrana anoe djenenganana Bandjaran Sari.

Sanggeus Bandjaran Sari poepoes, karadjaan Bodjong Galoeh robah wanda ganti roepa, nja eta harita ngadeg *Paoemboe-*

lan (Republiek), nja ieu Republik anoe pangmimitina pisan di tanah Djawa (di Pasoendan). Djadi Bodjong Galoeh tèh harita henteu diradjaan deui, tapi digeugeuh koe kapala anoe diangkat sarta beunang milih sarèrèa, demi kabèhna aja sawelas djelema anoe beunang meting, anoe pikeun ngapalaan djeung marènt h maranèhanana noe koedoe ngatoer ngaheujeuk nagara tèh. Ari eta kapala anoe sawelas beunang milih tèh paloenggoehanana (diseboetna) *Oemboel*.

Tapi eta atoeran kapaksa dirombak deui, lantaran poeta Bandjaran Sari anoe djenengan Praboe Moending Sekar kersa ngagentos paloenggoehan ramana ngadeg Radja deui. Praboe Moending Sekar digentos koe Praboe Moending Wangi, ari Moending Wangi digentos koe Praboe Moegi Wati.

Noemoetkeun katrangan babad, Padjadjaran harita teh taoen A. J. 1112, atawa taoen A. D. 1200.

Demi Koeda Lalèan, saparantos ngadeg radja di Padjadjaran, djoedjoeloekna *Praboe Brawidjaja Maèsa Tandraman*. Demi eta Praboe Brawidjaja Maèsa Tandraman katjeloek ratoe linoehoeng, sabar adil palamarta, towèksa ka noe oeloen koemawoela, telik ka abdi noe leutik, roemawat ka para wilajat, ngadjeudjeuhkeun kana makaja ngagarap tanah. Nja andjeunna noe ngawitan njandak *maèsa* anoe soendana *moending*, ti Djawa Wetan ka Pasoendan geusan magawè ngagarap tanah.

Dina dongèng ogè kaoengel jèn nadjan moending djarah, oepami ditjepeng koe Koeda Lalèan toeloej dadak sakala djadi lindeuk. (Paingan tepi ka ajeuna, basa *moending* mah, komo dina ngawoeloekoe, tetep basa Djawa baè, saperti: droem, kia, oewis, loepoet, arang, manah-reng asalna ti Djawa. tjandak Koeda Lalèan S. d. R.).

Radja Padjadjaran kagoengan poeta pameget doea, anoe tjikal ngaraos keungkang teu bararetah sakoemboeh sareng sepoeh, nja lolos ti nagara; ari anoe djadi radja ngagentos ramana, rai anoe lolos tèa, djenenganana Praboe Moending Sari.

Doepi eta poeta radja anoe tjikal tèh, ngalalanana kaloenta-loenta nja soemping

ka Mekah, gentos agama lebet Islam. Nja andjeunna oerang Soenda noe pangmimitina pisan moenggah hadji, djenenganana katelah Hadji Poerwa.

Toedjoeh taoen lamina Hadji Poerwa ngantoen lemah tjai bali geusan ngadjadina Soempingna deui ka Padjadjaran njandak rentjang oerang Arab djenenganana *Krai Amantang* atawa *Ansantang* (Dina babad Tjirebon mah, tingali P. S. No. 4, réntjangna tèh doeaan, ari djenengan anoe makè Santang nja iboe S. G. Djati, Roepina Kiai Asantang di dieu ogè, Kèan Santang tèa, djadi sanes rentjangna tapi sadèrèkna anoe istri. S. d. R.).

Hadji Poerwa djeung réntjangna tèa hajang ngasoepkeun elmoena ka oerang Padjadjaran, tapi teu laksana lantaran oerang Padjadjaran kandel kènèh imanna kana agemanana noe asal.

Koe tarèkahna djeung djoedjoerna lakoe Hadji Poerwa, nadjan radja Padjadjaran teu bisa kabandang ogè, tapi ari ngaroesoehkeun mah koengsi, andjeunna tèga ngaraman ngaroentagkeun Padjadjaran asal, nepi ka Radja kapaksa ngalih ka babakan dadakan di deukeut toetoeagan goenoeng Salak djeung G. Gedè beulah kalèr, antara Tjiliwoeng djeung Tjisadanè, nja nelahna mah Padjadjaran kènèh, tempatna di dajeh Bogor ajeuna.

#### KATRANGAN TI REDAKSI.

Ieu anoe ditjarioskeun di loehoer, pamendak toean Buddingh dina taoen 1850, babakoena njandakna poko tina babad tina dongèng-dongèng, sanès tina boekti-boekti seratan atanapi patilasan. Ka-bèh-dieunakeun seueur boedjangga anoe ngotèktak kaajaan djaman koena njoektjroek tina boekti-boekti. Djadi karangan babad djeung sadjarah mah, tetela, beuki dien beuki tambah beunang dipertjaja, rèa anoe ninggang enja.

Dina ieu karangan salsilahna Ratoe Galoeh sareng Padjadjaran, komo ari taoentaonna mah seueur pisan soelajana. Nanging, nja eta sakoemaha anoe kaoengel dina boeboekana, ieu mah soepaja djadi timbangan ka anoe maraos. Sadjarah Padjadjaran anoe sanes, engkè baris dilebetkeun deui.

**Kagegelan ti M. Ardiwinata,  
Mantri Goeroe sakola  
klas II Madjalaja.**

ASMARANDANA.

1. Kagegelan oerang sisi; manawa dja-di mangpaät, beunang poengpoeloeng-pèngpèlèng, kagaliban oerang Soenda, noe ajeuna geus langka, tali paranti ka poengkoer, noe matak ieu didadar.
2. Teu pisan-pisan meredih, mambrih sangkan dipilampah, dipalar woeroek-na baè, malak mandar djadi sarat, saliring kahadeän, awèwè lalaki koedoe, nja milampah ka bageuran.
3. Biasa di anoe kawin, atawa anoe soe-natan, noe tjoekoe sok makè njawèr, sabada iring-iringan, didjieun karas-mènan, tapi èstoena woewoeroek, papagah kaoetamaan.
4. Sarat njawèr anoe galib, bokor dieu-sian bèas, tèktèk sakoerèn djeung konèng anoe geus beunang njiksikan, diteundeun kana bèas, ditambah doeit sabaroe, nja kieu pokpokanana.

NJAWER

Kinanti pangradjah

1. Poen sapoen ka Sang Roemoehoen, ka Batara ka Batari, ka Batara Maha Dèwa, noe ngantjik di boemi soetji, loemènggang di alam padang, noe nitih di galih Goesti.
2. Nèda agoeng nja paraloen, nèda agèng pangaksami, agoeng ka para djoeragan, djèmbar kadang koelawar-gi, moega henteu redjag manah, rèh toeang kaselang dangding.
3. Djisim koering amit kael, nekanan nètèpan djangdji, doemèhna awaling adjam, loemantoeng tjiptaning ati, oepami parèng laksana, pinanggih baring soepagi.

4. Dikadarkeun pandjang oemoer, toer kaboel panèdja ati, njalameukeun bararoedak, noe awèwè noe lalaki, dèk njawèr koe bèas bodas, sarta bari ngaharing
5. Hariring kawih pangroengroem, ngaroengroem noe karèk soemping, soenggingan èremas wajang, ngaleut ngeungkeuj anoe ngaping, kadang warga mararidang., garandang sarta garinding.
6. Noe tjoendoek moelih ngalajoeng, ngalajoeng mangan-mangèning, hènang-hèning manah sènanng, diroengroem kawih pangriring, rarapèn anoe maridang, kawangwang woeroek hariring.
7. Doeh anak toetoemboe oemoer, tandingan hoeriping diri, timbangan soekma laksana, ngan woengkoel Oedjang djeung Njai, kembang sotja boeah manah, ditanggeuj di poesti-poesti.
8. Noe goemantoeng siäng daloe, majèng manteng henteu lali, moegia Allah ta-äla, maparin ka Oedjang Njai, salamet djeung pandjang joeswa, loeloes bangloes lahir batin.
9. Linoengsoer èlmoe noe loeloes, noe mangpaät kana diri, ti doenja rawoeh ahèrat sarta moega-moega teuing, anak hoerip kadar moelja, pinanggih kamoektèn diri.

NJAWER.

1. Baeu banget noe saranten, noe mahal ti batan inten, darangoekeun koe maranten, aja pitoetoer sakinten.
2. Dina kitab geus kaserat, djaga di alam ahèrat, loba anoe geulis merata, tjahajana ge'soemirat.

3. Roepana nja widadari,  
di sawarga balawiri,  
panganggo intèn bidoeri,  
ngentjlong batan katoembiri.
4. Geulis lènggik moelja kaja,  
tjatjak moen gèlar ka doenja,  
tangtoe sèrab ka sadaja,  
kahibaran koe tjahaja.
5. Tapi aja deui djaga,  
noe geulis henteu pèrjoga,  
ajana di sawarèga,  
widadari henteu njangga.
6. Eta istri bangsa oemat,  
awèwè noe meunang rahmat,  
geulis sinarna soemirat,  
tambah di sawarga nimat.
7. Awèwè noe ditarima,  
ngabaktina koe Jang Soekma,  
noe hèman ka iboe rama,  
hadè tindak ka sasama.
8. Anoe ngèsto ka salaki,  
ngabaktina taki-taki,  
gemi apik koe redjeki,  
djaoeh tina hiri dengki.
9. Mana istri sing rantjagè,  
nja hoemadep ka tjarogè,  
dipiwarang agè-agè,  
toenda keur digawè ogè.
10. Masing bisa titip diri,  
ambèh sepoeh soeka seuri,  
lampah oelah nganjenjeri,  
tjarogè miloe teu ari.
11. Djeung tjarogè sing saati,  
manahna koedoe kasoerti,  
koemaha tali paranti,  
anoe kaseboet goemati.
12. Soemawon aja tatamoe,  
sing singer hadè nja semoe,  
noelak lingsèm sing katimoe,  
koe èlmoe dèning-panemoe.
13. Oelah pisan pantjabagah,  
kagoengan roemaos gagah,  
tangtoe tjarogè tèh seungghah,  
kawèlasna moal tambah.
14. Lamoen aja noe dipandang,  
sanadjan roepa salindang,  
oelah mawa manah bedang,  
ka raka neda pitandang.
15. Sing sabar dikakoerangan,  
roepa sandang roepa pangan,  
èlingkeun takdir sorangan,  
oelah njereng barangsangan.
16. Anoe sabar èta pasti,  
dipikawèlas koe Goesti,  
Anoe disedja koe ati,  
soegan laoen-laoen boekti.
17. Ka tjarogè masing koekoe,  
tèkad ati masing pengkoe,  
ka wargi oelah rèk angkoe,  
djeung deui oelah salingkoe.
18. Sakitoe keur baris istri,  
koedoe toengkoes ati-ati,  
simpen dina djero ati,  
moegi baè masing boekti.
19. Ajeuna noe dipiwedjang,  
ka pameget anoe boedjang,  
masing èling sapapandjang,  
oelah arèk kataradjang.
20. Elingkeun piwoeroek rama,  
pangdeudeul panoelak hama,  
sing èling salama-lama,  
oelah dèk salah tarima.
21. Ka bodjo sing lèah manah,  
sakadar noe matak genah,  
oelah noe matak toegenah,  
koe hoekoem moäl kamanah.
22. Pameget sing harti naker,  
istri tèh koedoe dikèker,  
tapi oerang koedoe tjangker,  
sarta oelah matak soeker.
23. Ka bodjo nja moelasara,  
oelah arèk lalawora,  
koemaha atoeran sara,  
ambrih loeloes nja salira.

24. Ka bodjo oelah rèk njogok,  
barangasan hoeak-haok,  
mindèng matak djadi kagok,  
bodjo sing serewa mogok.
25. Oelah rèk soelit bendoean,  
tiktikan djeung timboeroean,  
bisi poegag kalakoean,  
tjatjad koe noe saboeroean.
26. Soemawon hampang panangan,  
teungteunggeul djeung nanggèlongan,  
bahjana mah ka sorangan,  
wirang tambah kabingoengan.
27. Moen bodjo kaloeloepatan,  
woeroekan bèrè ingetan,  
soepaja kasalametan,  
oelah mawa napsoe sètan.
28. Koe noe koerenan èlingkeun,  
sepoeh mah ngan ngadoengakeun,  
moega dilambat-lamboetkeun,  
roentoet raoet boga pakeun.
29. Pasemoe masingna sarèh,  
gerah somèah darèhdèh,  
soegih moekti masin tèrèh,  
ngarèndèkèh batan sèrèh.
30. Senang ati boga milik,  
bisa njoegoeh anoe tjalik,  
bisa mahanan noe balik,  
noe miskin koedoe katelik.
31. Teroes tèh koe parahoeloe,  
ditambahan koe hanggasa,  
anoe hiroep tèh pereloe,  
nja nèangan pèngabisa.
32. Mawa peti dina soendoeng,  
ditoempangan koe karindjang,  
pangarti teu beurat ngandoeng,  
tapi mangpaatna pandjang.
33. Gagala pinoeh satjoët,  
ditapi rekah sanjiroe,  
sagala bangsa noe awèt,  
teu nepi ka berkah goeroe.
34. Kembang beukah dina njiroe,  
baroejeng koe haranggasoe,  
mangpaatna berkah goeroe,  
majèng oepama tjinjoesoe.
35. Ja Allah anoe kawasa,  
noe maparin nimat rasa,  
noe wenang ngagandjar njiksa,  
ngadjoedjoerkeun ka manoesa.
36. Djisim koering tèh njanggakeun,  
ieu noe dikariakeun,  
moegi-moegi dilojogkeun,  
kana iman amalkeuneun.
37. Teu ngaborongkeun Pangèran,  
naon baè pangatoeran,  
da aja marga lantaran,  
noematak djembar dadaran.
38. Boh tani boh djoeal meuli,  
boh pangkat milampah koeli,  
boh njantri ngawoeroek ahli,  
ngebatkeun tali paranti.
39. Moen lojog kana hal tani,  
masing wekel sing pereni,  
sing boekti datangka oeni,  
njoekoeup indoeng bapa nini.
40. Sing djadi nja pepelakan,  
tjoekoeup makè tjoekoeup ngakan,  
sing aja nja kaeindakan,  
masing boga toetoempakan.
41. Neundeun doeit neundeun parè,  
seueur ketan emas oerè,  
ka baraja koeat mèrè,  
di doenja tiis nja sarè.
42. Lamoen lojog kana dagang,  
koeat mais koeat manggang,  
angkat senang ngagandeuang,  
moegi dipaparin padang.
43. Masing bisa bibirintik,  
tina djalanan balantik,  
mangpaat koe modal leutik,  
boga soang boga itik.
44. Henteu pandjang nja miwoelang,  
noe njawèr keseleun toelang,  
geus palajeun eusi doelang,  
geus lami hajangeun moelang.



## Paririmbon.

Poesaka Soenda badè dieujeub-eujeub koe roepi-roepi peperenian, loemajan keur tawis sotja, sareng malak mandar kening dianggo panaratas djalan ngoelik basa.

Ieu ngawitan tina roepi-roepi sahadat, asihan, parantjah, singlar dj. s. t. anoe ilahar kènèh djadi ageman di padoekoehan, tambahaneun dangdosaneun.

### SAHADAT.

#### 1. *Sahadat Soenda.*

Ashadoe Sahadat Soenda, sapapada djeung pandita, nèang indoeng noe kabdoehoe, nèang bapa Hidajattoellah, noe majoengan sadjagat, noe dipajoengan sadjagat, nèangan Pangèran koedratoellah, lailah hailleloh Moehammad Rasoeloellah.

#### 2. *Sahadat Djawa.*

Apa pengot soerat Radèn Angga Keling pangèran Anggawaroeling, ratoe soeloek adjiloelah pangèran sanoesa Djawa, poe-poetranè oelis akin, kadjajak ngaroeroeg ka Padjadjaran, tanggal ping opat welas, noekila di kalimati sahadati, isoen weroeh oemat Allah dikang Selam.

#### 3. *Sahadat bawa.*

Ashadoe Sahadat bawa, iman djati loe-loenggoehan poelo njawa, roh njawa intening hoerip, hoerip teu keuna koe gingsir, langgeng teu keuna koe owah, lailah hailleloh Moehammad Rasoeloellah.

#### 4. *Sahadat Taradjoe.*

Ashadoe sahadat taradjoe, idin imatan warohmatan, walidatan, wasiratan, titikaptan minha ja hoe, ja Allah ja Rasoelloellah.

#### 5. *Sahadat sajang.*

Ashadoe sahadat sajang, koeriling ka boemi soetji tjat mantjat ka djagat moelja, tètèsan ditètès koe Allah, ja hoe ja Allah ja Rasoelloellah.

#### 6. *Sahadat Sari.*

Ashadoe sahadat sari, gedeah wadah loemenggang, ngeboer-ngeboer lain ratoe, ngebjar-ngebjar tjahja ning Pangèran, pajoeng tiloe noengkoe-noengkoe, pajoeng emas lingga pati, kakajon sabar darana, teteras sekar tjandana.

#### 7. *Sahadat Adam.*

Ashadoe sahadat Adam, sah Adam. Ashadoe Noer Poetih alip toenggal, Moehammad tanggal, iman èling dat moelja kang kadim. Lailah hailleloh Moehammad Rasoelloellah.

#### 8. *Sahadat Bardjah.*

Ashadoe sahadat bardjah, enggon Allah sapatemon, Sang Moetiara poetih tjalik di iman,, patala ratoe miski adja ning-ratoellah, titipan gedong kantjana, nama Allah Rasoelloellah lailah hailleloh.

#### 9. *Sahadat Hajoen.*

Ashadoe Sahadat hajoen, hajoen-hajoen hoerip kang hoerip, tjitjipta Goesti kang waras, tjitjipta Allah tjipta rasa kang kawasa, tjeg badan woedjoeding Allah Rasoelloellah, nanja badan, tjeg badan woedjoeding manoesa.

#### 10. *Sahadat Siloeman.*

Heuah baloeng nangtoeng toelang, toelang moentang, tjolok rasa koe boena, deg haneng koemili rasa, aing njaho ratoe sia, anak sia Ratoe Siti, amboe sia ratoe neloh ti Galoenggoeng, bapa sia pangoe-loe Djinn.

11. *Sahadat Moestakarajoenan.*

Ashadoe moestakarajoenan, sahadat permana toenggai, selam lahir selam batin, selam pinarenging kersa, sing waspada ka noe ngajoega boemi alam, aja noe saorang aja noe sorangan, sing waspada ka pada Allah, Allah waspada ka kaola, tengget gemereng-ereng, raraga gemet roehiat, teroes ning Allah teroes ning rasa, pani-pani langgeng tetep, langgeng agama Islam.

12. *Sahadat ganda.*

Ashadoe ganda ningsoen toeroen saking sawerega, ningal ganda ningsoen sampoerna, ganda ningsoen an handri kamar langit karaton.

ASIHAN.

1. *Asihan si Toendjoek tjoeroek.*

Asihan aing si Toendjoek tjoeroek, toendjoek tjoeroek todjo rasa, berendjing koe tata tanding, koelantjieur balik deui, nèang akma sia katinggaleun, geus katoengkoes geus kakandoeng koe awaking, malik welas malik asik ka awaking.

2. *Asihan si Boeroeng poendoeng.*

Asihan aing si Boeroeng poendoeng, ma-oeng poendoeng datang oemoem, badak galak datang depa, oraj laki datang noempi, boeroeng poendoeng boeroeng tjidra koe karoenja, malik welas malik asih ka awaking.

3. *Asihan pangantèn.*

Kirik-kirik andjing leutik, entjak-entjak andjing batara, sia andjing aing tai, eur panganteur pangantèn anjar.

4. *Asihan si Taroek gadoeng.*

Asihan aing si Taroek gadoeng, sataroek matak lalandjoeng sataoen, salambar matak kelar saboelan, sasoèk matak lèwèh sapoè, kèdjo asa tjabat bobo, tiis batan birit leuwi, deuk indit ngarampa birit, deuk leumpang ngarampa djoengdjang, diloeahkeun koeda bantjana, reup angkeub djleg sorangan.

5. *Asihan paranti ka mènak.*

Asih aing asih ratoe, asih aing asih mènak, asih nini asih aki, asih indoeng asih bapa, patepoeng imoet papanggih seuri, Atma sapinggan teu leumpang, satjoepoe teu miloe, gedag majang di boeroean, toetoe lemboe keur goemanteur, sira welas sira asih ka awaking.

6. *Asihan paranti ka awèwé.*

Ong manon sakawaton, inoera poetih anem djati tangkal soeka, sih asih ka awaking.

7. *Paranti ka awèwé kènèh.*

Sri asih moenggoeh di halis, Sri hèrang moenggoeh di tarang, Sri meument moenggoeh di beungeut, Sri tjinta moenggoeh di mata, sira welas sira asih ka awaking.

8. *Asihan si Majang ara.*

Asihan aing si Majang ara, majang ara majang asih, panoetan majang asihan, loeloehoer panemoe nira, ja isoen anak sira, handap panemoe sira, sira oelah giroek ka aing, aing njaho di ngaran sira, sira si noehoe si nèhè, sih asih ka awaking.

9. *Asihan si Tjangkoerileung.*

Tjangkoerileung beureum beuheung, anteurkeun kabogoh aing ka djalan, los ka djalan asa sasar, boeroean asa lajoean, balè gedè asa rèhè, kèdjo asa tjabat bobo, tjai asa toeak bari, teka lengleng, teka oeleng, oeleng meleng ka awaking, sih asih Nji . . . . ka aing.

10. *Asihan Sang Koeriang.*

Kitjeup tjidet laja tineung, asihan panodjo angin, lèrèt larang Sang Koeriang, asihan sang koelipet mata, sia kèdjo aing laeok, sia kirik aing tai moen tineung hiap toetoeurkeun.

*Aja samboenganana.*  
SOERIA DI RADJA.

**Sair Soenda Beunang  
ngoempeilkeun  
R. H. S. d. P.**

21. Ka anak ngeunah tingali,  
lamoen anak mindêng lali,  
nja tonggoj kaloeli-loeli,  
teu boga keur barang beuli.
22. Ka kolot nja lalampahan,  
nja ngilangkeun kasoesian,  
tiron anak pasirihan,  
rempoeg taja noe bantahan.
23. Oerang noe hiroep di doenja,  
koedoe baè oerang aja,  
kahadéan ka baraja,  
sanadjan oerang tèh kaja.
24. Henteu soewoeng pangaboetoh,  
kagenahan tara matoeh,  
sok hajang ditoeloeng boetoh,  
manggih karêrêpêt moetoh.
25. Mana koedoe daèk tjêrèt,  
mamalana anoe korèt,  
ana koe bahla kapèlèt,  
wargi ge émboeng ngareret.
26. Nja banda tatalang raga,  
mangpaät ajeuna djaga,  
di doenja matak sajaga,  
batin keur meuli sawarga.
27. Arta di doenja sok njiksa,  
sapêrti noe boga rosa,  
dek make njaäh karasa,  
ngan resep hajang ngaraksa,
28. Poegoeh ka batoer satêngah,  
dipake maneh gè njaäh,  
eta arta njégag ngangah.  
di doenja teu matak boengah.
29. Lamoen rahajat pihatoer,  
anoe ngagorèngkeun batoer,  
oelah dek ngagoegoe tjatoer,  
moen keukeuh salahna atoer.
30. Moen goegoean kana lètah,  
babari béndoean bantah,  
tangtoe batoer moal bétah,  
katangting hese dek nitah.
31. Pamégét istri noe soegih,  
moen taja noe ngoeroes gigih,  
moal toeloj sirna linggih,  
tangtoe ripoeh dioek pigih.
32. Oerang noe matak kalangsoe,  
nja-eta dieusi napsöe,  
napsöe teh sok goeroeng goesöe,  
alah batan adat asöe.
33. Moen make hajang sajaga,  
hajang anoe oenggoel harga,  
kadjeun teuing henteu boga,  
da hajang ngaroeksak raga.
34. Sakahojong koedoe roepa,  
nadjan raga leutik rampa,  
soepaja raga asepa,  
amrih di achirna papa.
35. Mana moenggoeh anoe sabar,  
ari hajangna mah lêbar,  
ngan napsöena teu dioembar,  
sieuneun ragana lêbar.
36. Ngamoek ogè tjara matjan,  
napsöe ngadjak makè loktjan,  
noe samar pagon da tatjan,  
pinêpieun kana loktjan.
37. Ana dianteur binasa,  
teu koeat gè maksa-maksa,  
sok ngandjoek gasab ngawasa,  
amrih raga sênang siksa.
38. Moen nganteur pikahajangeun,  
nanding heula rawoe leungeun,  
lamoen rawöe ngan setèngeun,  
oelah njokot saöewangeun.
39. Moen panger sakitoe èta,  
diri tangtoe moeloes lita,  
moal soesah koe di sita,  
disita ge kasakoeta.

40. Moen henteu dibanding-banding,  
tjara keujeup hajang ginding,  
wani-wani noengtoen moending,  
kadjedjek henteu kahiding.
41. Da ka poeta hajang doemoek,  
toeloj napsoe oemak-amoeck,  
noe leutik noengtoen noe gemoek,  
ana kadjedjék teh rêmoeck.
42. Noe kitoe tèh napsoe kènéh,  
tad mah karasa anèh,  
koe poetri hajang disanèh,  
achirna ngaroeksak manèh.

(Baris disamboeng).

**Goegoeritan Tjitamiang  
Soemedang**

Sinom ngamalkeun pantjoeran,  
ka sadaja kantja wargi,  
ka noe sami kersa siram,  
ka pameget sareng istri,  
sareng moegi ka Jang Widi,  
soetji wening kana kalboe,  
noe siram moegi daramang,  
saè manah boedi manis,  
tingkah polah nganggo adat noe sampoer-  
na.

Tjitamiang banjoe hèrang,  
malah mandar matak wening,  
wening langgeng manah senang,  
senang seneng manah èling,  
èling oelah hojong maling,  
maling tèh asalna moelang,  
orakana sok kapalang,  
salirana sok tigoeling,  
tigoelingna naraka tangtos kasorang.

Kasmaran moegi pepeling,  
ka poeta anoe kapalang,  
oelah pisan kenging melèng,  
ramana kedah miwoelang,

soepaja oerang teu melang,  
kedah larang maling moeloeng,  
soepaja sadaja senang.

Senang ningal moerangkalih,  
lamoen lampahna teu salah,  
moegi-moegi oelah welèh,  
welèhan njarèk noe salah,  
bilih oerang djadi soesah,  
paneda moegi sing moeloes,  
moeloes manah amal loeas.

**Wawatjan Sillwangi**

(Samboengan Poesaka Soenda No. 3).

**SINOM.**

143. Sanggeus Radén dihideungan,  
kawas loetoeng baé badis,  
pinggel kangkaloeng sadaja,  
ganti roepa djadi beusi,  
Asmoenalarang bengis,  
Kai Tandesan dioetoes,  
sia ajeuna leumpang,  
djalan leuweung ka basisir,  
Manarasa djoel sapajoe-pajoena.
144. Soekoer moen pareng kapapag,  
djeung nangkoda oerang Kaling,  
anoë lajar dina kapal,  
atawana Djenggi Habsi,  
anoë kira daék meuli,  
sok moen ka toekang parahoe,  
Tandesan amit njembah,  
Pamoenahrassa diiring,  
nJORang leuweung boeboelak banténg  
djeung badak.
145. Patih djeung Asmoenalarang,  
geus boedal pada maroelih,  
tatapi manah salempang,  
rémpan rada araringgis,  
noe mawi miwarang indit,  
Papagratang koedoe njoesoel,  
sok dibahanan soengkelang,  
geusan nigas ngarah pati,  
oelah taha soepaja henteu katara.

146. Papagratang nampi pedang,  
ngemban timbalan djoeng indit,  
goera-giroe leumpang gantjang,  
wantoe njoesoel npe geus tebih,  
Kotjap Tandesan deui,  
ngoentit-ngoentit Radja Soenoe,  
noe angkat kalémpohan,  
nalangsa djeung ngerik galih,  
tina nahnaj ngangres bidjil tjisotjana.

MIDJIL.

147. Ki Tandesan hatouer melas-melis,  
mangga oerang ngaso,  
abdi ogé sakalangkoeng tjapé,  
sareng ajeuna parantos boerit,  
ngilari keur meuting,  
kiara noe loehoer.

148. Radén lirén sahandapeun kai,  
ladjeng baé ébog,  
kana tjanir kai ngagéléhé,  
koelem tibra lila henteu tanghi,  
kotjap noe pandeuri,  
Papagratang njoesoel.

149. Datang njampak keur koelem Sang  
Adj,  
oetoesan aléwoh,  
dawoeh Goesti Radén toegel baé,  
ieu pedang pikeun oerang meuntjit,  
saenggeus badami,  
ragem rék ngahoeroep.

150. Mesat pedang diloegas rék meuntjit,  
noe koelem dirongkong,  
doemadakan leungeunna méréngkél,  
banget panas karasana njeri,  
oetoesan djoemerit,  
adoeh bioeng toeloeng.

151. Radja Soenoe ngorédjat héng tanghi,  
kagét pok marios,  
Papagratang na koe naon manéh,  
karék témbong tjeurik ting djarerit?  
Oetoesan loemengis,  
adoeh Goesti ampoen.

152. Leungeun abdi Agan langkoeng njeri,  
ting péréngkél ramo,  
raos panas lir koe seuneu baé,  
moegi aja sih hapoenten Goesti,

réhing abdi tadi,  
kana peunteu madoek.

153. Radén njaoer bari imoet leutik,  
lahirna geura los,  
ngala daoen sandilata baé,  
anoe ngora bodas toer beresih,  
bawa mangka gasik,  
koe ceing disemboer.

153. Papagratang Tandesan arindit,  
soempoejang sampojong,  
sandilata manggih noe haradé,  
arék ngala henteu bisa metik,  
ramona tjarentik,  
dipahpral koe soengoet.

154. Pandakawan doeaan moeringis,  
ka Rahadén tjaoes,  
sandilata diasta koe Radén,  
ladjeng anoé ngorana dipilih,  
dikoembah beresih,  
dianggo keur njemboer.

155. Saharita leungeun hadé deui,  
tjageur teu morongkol,  
dadak sakala matihna djampé,  
poelih tjara baheula bihari,  
Dén Anom ngalahir,  
manis bari imoet.

156. Papagratang na njoesoel pandeuri,  
dipiwarang naon,  
tjing tjarita sawaktjana baé,  
naha mawa soengkelang raka Dji?  
Ki oetoesan seuri,  
noen Goesti soemoehoen.

157. Djisim abdi ditimbangan ngiring,  
réh raka kawatos,  
wantoe angkat njeurang leuweung gedé,  
bilih di djalan aja balai,  
pedang keur ngabasmé,  
banténg badak maoeng.

158. Radén Anom mésem pok ngalahir,  
soekoer geus kahartos,  
kahémanan raka langkoeng saé,  
moega aja walesing Déwa Di,  
atoeh oelah lami,  
hajoe oerang madjoe.

159. Boedal kabéh angkat noe ngariring,  
geus djaoeh ngaraso,  
tengah poé Radén langkoeng tjapé,  
euureun ébog di handapeun kai,  
lesoe liwat saking,  
reup koelem ngaringkoek.


160. Koelem tibra teu oesik teu malik,  
Papagratang atoh,  
ngaharéwos ka batoerna noél,  
koema akal enggon ngarah pati,  
réhna Radén leuwih,  
pangawasa poendjoel.

161. Pakarang mah oerang geus teu mahi,  
deukeut gé teu kaop,  
leungeun oerang sok pating péréngkél,  
ajeuna djadjal koe akal pelit,  
koe tambang dibeulit,  
tjolokkeun koe kajoe.

162. Kana tenggek does tiloe beulit,  
tambang sina njorok,  
oelah deukeut oerang anggung baé,  
toengtoeng tambang tjangtjang kana  
kai,  
sabeulah ditarik,  
koe oerang sing djaoeh.

163. Saenggeusna doeaan badami,  
tambang téh parantos,  
ditjorokkeun ka Radén noe saré,  
didjeudjeuran si tambang koe kai,  
tenggek geus dibeulit,  
kari ngenjang woengkoel.

(Aja samboenganana).



## Artos langganan P. S.

Doegi ka ping 7 December 1922, postwissel  
anoë parantos katampi ti Djoeragan-djoergan:  
No. 106 Toean Directeur N.S. Poerwakarta.

- 265 K. Wiriamihardja Bandoeng.  
169 E. Abdoelhamid Anjerlor.  
586 Djoer. Wirasasmita Bandoeng.  
587 M. Mangoensoewargo Hoofd-Djaksa  
Pekalongan.  
589 Volkslecteur Weltevreden.  
109 R. Mamoen G. Paseban.  
425 R. A. Hamami G. Paseban.  
492 Djoer. Oeij Tjoen Lok Bogor.  
336 (?) Rd. Wiriadimadja Tjibodas (?).  
— Djoer. Maskar Bandoeng f 19,23.  
338 Djoer. Wiriaatmadja Bandoeng.  
34 R. Prawirakoesoemah Tasik.  
230 R. Martadibrata Tasik.  
328 Nji. R. Saidah Tjiandjoer.  
345 Djoer. Basari Astanaanjar.  
555 Rd. Rg. Soetadilaga Wadana re-  
ngas dengklök.  
10 Djoer. Winatapoera Bandjaran.  
278 Djoer. Soetawidjaja Tjiateul.  
229 R. Padmakoesoemah Tasik.  
75 Djoer Mh. Joenoes Tasik.  
462. M. Soekarta adhi Poera Sindang-  
laet.  
347. Kangdjeng Dalem pangsioen Poer-  
wakarta.  
332 Djoer. Oedjer Tjinanas.  
70 R. Bratakoesoemah N. S. Garoet.  
292 M. Kd. Mangoendimadja Garoet.  
60 Djoer. Soehandi Gangboentoe.  
600 Rd. Martasoedirdja Mr.-Cornelis.  
50 M. Poeradiredja Salemba.  
7 D. Soemodihardjo Rawabangkè.  
186 R. I. Koesoemosoemantri Neder-  
land.  
573 M. Wiradikarta Welt.  
571 R. Wiriaatmadja Welt.  
110 Djoer. Momod P. S. D.  
185 E. Poeradiredja Kerklaan.  
354 Djoer. Tanoewangsa Serang.  
592 R. E. Wiradimadja Lembang.  
598 Djoer. Partasoeandana Mr.-Cornl.  
27 Rd. Sasmitapoera Soekaboemi.  
160 M. Kartadimadja Soreang.

- 8 Rd. Mahmood. Boekitdoeri.  
191 Djoer. Wangsanata Bloentas.  
112 Djoer. Partawidjaja Gangboentoe.  
584 Rd. Poeradiwidjaja Teloekbetoeng.  
477 S. Soetadinata Tjitjendo.  
192 S. Sastradiwiria Petodjo.  
421 T. Bakri Rangkas.  
82 Djoer. Soeanie Rangkas.  
85 „ S. Ardiwiria Bandoeng.  
161 Rd. Wiratakoesoemah Welt.  
? Rd. Koernawidjaja Gangboentoe.  
181 Toean v. Noppen Garoet.  
402 R. Moh. Amin Bogor.  
144 M.I. Padmawinata Rengasdengklok.  
289 A. Soeari Indramajoe.  
603 Djoer. Darmasantana Indramajoe.  
604 „ Djohari „  
88 Rd. Bratadidjaja Poerwakarta.  
319 Kd. Z. Abidin Serang.  
331 Djoer. Mh. Kombali Tasik.  
327 „ Pakih „  
326 „ Sirnasobaja „  
432 Kangdjeng Dalem Tjiamis.  
433 Rd. Ad. Ar. Koesoemasoebrata  
Kangdjeng pangsioen Tjiamis (Artos  
langganan taoen pajoen 1923-1924).  
93 Djoer. Soeradiredja Balaradja.  
127 Rd. Gandawinata Soekaboemi.  
609 Rd. Salèh Pasirhalang.  
117 P. Sastraprawiro Tangerang.  
9 T. Soemadikaria Tanah abang.  
607 Djoer. Soemarta Mandirantjan.  
606 M. Hardjadinata Salawoe.  
608 M. Soetasnadiredja Tjikarang.  
605 Djoer. Partadiredja Soekahadji.  
300 M. Sastradipoera Tegallega.  
588 M. Antadiredja Tjiandjoer.  
240 I. Bratanagara Sawah besar.  
279 M. H. Partadisastra Bandoeng.  
72 G. Prawirawinata Benda.  
405 R. Wirasapoetra Gangbaroe.  
304 M. Wangsamihardja Bogor.  
582 B. Soekrawinata Laan Menu,  
622 Djoer. Soemitra Mr. C.  
621 Rd. Djajasasmita Pasanggrahan.  
80 A. Mangoendibrata Rangkasbitoeng.  
323 R. Moechlis Bandoeng.  
56 R. Soeriasapoetra Garoet.  
576 O. Tedjaningsih Tegallega.  
157 R. Abdoellah Tasik.  
166 S. Soerawinata „  
156 M. Soerawiangga „

- 158 R. Tanoewidjaja Tasik  
 212 Djoer. Moehali. ”  
 211 M. Kadmawiredja ”  
 154 E. Djajapernata ”  
 457 Rd. Tanoewidjaja Landraadsteeg  
 Tasik.  
 391 Djoer. Ardiwinata Madjalaja.  
 475 M. Wiradinata Bandoeng.  
 394 M. Hidajat Tjisondari.  
 620 M. Mangoenatmadja Karanganjar.  
 314 M. A. Gandasoemantri Soemedang.  
 193 P. Prawiradinata Petodjo.  
 177 M. A. Kartadiredja Panarangan.  
 273 R. Soekadiria Tjimahi.  
 37 Rd. Tanoeamidjaja Pagaden.  
 41 M. Soekatmadiredja Liangdjoelang.  
 76 M. Wignjaatmadja Krawang.  
 565 Djoer. Nitiwardaja Lamepajoeng.  
 257 Rd. Sastranagara Bandoeng.  
 ... Djoer. Kartiwa Soemantri Batavia  
 295 Djoer. Prawirasoemantri Poerwa-  
 karta.  
 294 Djoer. Kartadjoemana Poerwakarta  
 581 „ Sastradiwirija Tandjoeng Pan-  
 dan.  
 15 Djoer. Aftandi H. I. S. Bogor,  
 149 Tb. K. Wesnachoerni Leuwiliang.  
 111 R. Prawirakoesoemah Rawabangke.  
 309 Djoer. Mangoendikaria Serang.  
 367 M. Satiadikaria Padarintjang.  
 83 R. E. Dirdjasasmita Tjipanas.  
 305 R. Wiramantri Tjiamis.  
 619 R. Boesono Karang bidara Sema-  
 rang.  
 66 R. E. Kartapradja Tjiamis.  
 366 M. Astraatmadja Goenoeng Sari.  
 119 Djoer. Prawiraatmadja Bodjongsa-  
 lam.  
 634 R. Enoes Garoet.  
 633 R. Md. Moestafa Tjibatoe.  
 632 M. Nitisasmita Ligoeng.  
 631 M Hardjamadenda Tjpaganti.  
 630 Rd. Wirapoetra Maleber.  
 — M. Wiradiredja f I. Kallipostjang.  
 95 M. Wangsadiredja Laan Menu.  
 602 Rd. Soedarma Bandoeng.  
 457 Djoer Adenar Bogor.  
 243 R. A. Soerapradja Mr.-C.  
 131 Djoer S. Goenawan Tjipakoe.  
 136 Djoer. Akis Tjimahi.  
 572 Djoer. Soekarnadipradja Welt.  
 276 „ Parma Iskandar Bandoeng.  
 435 „ Wiradimadja Menes.  
 62 „ A. Soeandanata Madjalengka  
 337 „ Enggoeng f 1,50 Bandoeng.  
 — „ Maskar Pietrspark f 30.—  
 509 Toeb. Darmaatmadja Rangkasbi-  
 toeng.  
 49 Rd. Sastrawidjaja Salemba.  
 218 M. Tanoedimadja Sindangherang.  
 461 Rd. I. Adikoesoemah Soemedang.  
 577 Rd. Oesmansjah Djasinga.  
 55 Rd. Tanoewidjaja Garoet.  
 638 Djoer. Natawidjaja Loeragoeng.  
 40 Mas. Sanoesi Karawang.  
 334 Mas Soeria Tegalleja.  
 635 M. Mintadisastra Soebang Tjirebon.  
 636 Rd. Wiratmadja Tjiamis.  
 637 Rd. Ardisoma Wanajasa.  
 382 Mas Tjakrawadhana Serang.  
 409 M. E. Soediadinata Singaparna.  
 165 Rd. Soeriadilaga Lewo.  
 460 R. M. B. Soeradirana Welt.

Seueur kènèh Djoeragan-djoeragan anoe  
 parantos ngintoenkeun postwissel namoeng  
 teu atyan kalebetkeun, baris dilebetkeun  
 kana P. S. No. 7.

Teu aja sanès, Redaksi oendjoen noe-  
 hoen kana pangdeudeul sadaja, margi oepa-  
 mi teu dirodjong tangtos eunjeuh.

Redaktie P. S.

*f m du n° 6. Des. 1922*